



**Built to Lead**

Pou Piblikasyon Imedya: 01/11/2016

**GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AMENAJMAN 2.8 MILYON DOLA NAN  
TRANSMISYON LAJ BAND POU REZO REPONS IJANS NAN NORTH COUNTRY,  
CAPITAL REGION AK MOHAWK VALLEY YO FINI**

***Yon Konsòsyòm ant 13 Konte Resevwa Amenajman Transmisyon Laj Band yo  
pou Amelyore Sistèm Repons Ijans epi Ranfòse Rezo Ijans Piblik la***

***Pwojè a Avanse Objektif Enfrastrikti Premye Plan Transmisyon Laj band Gouvènè  
Cuomo a yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse pwojè 2.8 milyon dola pou amenaje sèvis transmisyon laj band pou sant dapèl ijans yo atravè North Country, Capital Region and Mohawk Valley yo fini. Efò modènizasyon an founi sèvis 1 jigabit – ki gen potansyèl pou sèvis pi rapid ankò – epi konekte 27 pwen sekirite piblik, ki gen ladan yo 13 sit ijans piblik 911 nan konte yo. Pwojè a amelyore sekirite piblik lè li ranfòse sistèm kominikasyon yo, amelyore kolaborasyon ant sant yo, epi fasilite echanj done ki enpòtan anpil yo fèt rapid.

**Gouvènè Cuomo te di:** “Pwoteksyon Nouyòkè yo se premye priyorite nou epi, lè yo reponn nan ka ijans, chak segond konte anpil. Amelyorasyon transmisyon laj band sa yo asire premye sekouris nou yo ka konekte, kominike epi reponn rapid lè yo bezwen yo plis.”

Finansman soti nan Faz II Sibvansyon Konsil Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council) – epi plis pase 550 000 dola soti nan fon konplèmantè ki soti nan Otorite Devlopman North Country a (Development Authority of the North Country, DANC) – chak sit la yo gen teknoloji fib depwent ki founi yon rezo sikwi fèmè sekirize epi ranfòse liy kominikasyon yo. Rezo a konsepsyone pou pèmèt yo ajoute nouvo sit ak sèvis nan konsòsyòm 13 konte a – okòmansman yo te espere pou l te gen 6 konte nan North Country – men kounye a li gen ladan l Warren, Saratoga, Washington, Schenectady, Albany ak Rensselaer nan Capital Region ak Fulton nan Mohawk Valley.

**Prezidan, PDG ak Komisyonè Empire State Development lan, Howard Zensky te di:** “Bezwen pou koneksyon entènèt fyab ale pi lwen pase kominote biznis la, li rive nan enteraksyon kotidyen – ak enteraksyon ki ka potansyèlman sove lavi yo – ke nou pran alalejè. Gras a lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York la ap reyalize tout benefis enfrastrikti kominikasyon modèn yo, epi pwochènman chak kominote nan eta pral gen

aksè nan sèvis nesesè sa yo.”

**Manadjè Divizyon Telekòm nan Otorite Devlopman nan North Country a (Development Authority of the North Country), David Wolf te di:** “Sekirite piblik la ekstrèmman enpòtan pou kominote nou sèvi yo epi nou kontan anpil yo ban nou opòtinite sa a pou nou konstwi yon rezo ki pou amelyore fyabilite epi ogmante kapabilite rezo sèvis ijans nan Eta New York la yo. Nou remèsye Eta New York la paske l founi sibvansyon pou reyalize pwojè sa a epi nou ap atann pou n travay ak konsòsyòm ijans piblik la pou founi sèvis adisyonèl pandan n ap vanse vè lavan.”

**Direktè Biwo Sèvis Ijans Konte Warren lan (Warren County Office of Emergency Services), Brian A. LaFlure te di:** “Pou nou founi kominikasyon nan ka ijans nan zòn sa yo pa te yon ti travay piti. San zanmi nou yo nan Eta New York ak DANC, nou pa t ap ka reyalize nivo kouvèti nou genyen an. Epi tou, kapasite pou founi bakòp sèvis 911 ant PSAPs (Public Safety Awareness Points) Konte yo sou sistèm fib sa a enpòtan anpil.”

#### **Rezo Ijans Piblik Yo:**

- Konte Albany
- Konte Clinton
- Konte Essex
- Konte Franklin
- Konte Fulton
- Konte Hamilton
- Konte Lewis
- Konte Rensselaer
- Konte Saratoga
- Konte Schenectady
- Konte St. Lawrence
- Konte Warren
- Konte Washington

An janvye 2016, Gouvènè Cuomo te lanse pwogram san parèy 500 milyon dola pou nouvo transmisyon laj band NY la – plan entènèt ki gen siyal rapid ki pi anbisye nan peyi a. Mwa out ki sot pase a, Gouvènè a te mete disponib plis pase 50 milyon dola nan faz I sibvansyon yo pou kominote desèvi ak defavorize yo atravè eta, epi tou li te anonse ansanm ak rezilta fizyon Time Warner Cable – Charter Communication lan, 97 pousan Nouyòkè pral ka resevwa transmisyon laj band ki gen siyal rapid. Biwo Pwogram Laj Band lan (Broadband Program Office) ap mande aplikasyon pou Faz II yo epi li sou chemen pou satisfè objektif Gouvènè a genyen pou tout moun gen transmisyon laj band avan fen 2018.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418